

BAB III

Cak Dhagelan

Bagian Pathet Nem

Dalam lakon Karna Mbalela

Karna Mbalela I

Jejer Ngastina: Duryudana, Sengkuni, Karna, Durna, Durna, Aswatama.

Bage-binage:

1. Menit 36.44 s/d 38.35

Duryudana	:	Paman, paman Durna, manggih raharja panan. Paman Kumbayana, manggih basuki, paman.
Sengkuni	:	Kakang Durna seg ewed napa?
Durna	:	Adhuh, ohhh, kebidhung ngeneng-enengi anak, niki dadi, nganti katalompen, bocah kit mau koko ulate ora kebeneran. Haya karang bocah ulate tiru mbokne, dadi ya.
Sengkuni	:	Ta, rak wis ndang sing ana-anan wae
Durna	:	Dospundi niki wauw dongenge dhi Cuni?
Sengkuni	:	Dipun timbali dhumateng anak prabu Duryudana
Durna	:	O inggih nampi pangestunipun anak prabu kados mboten kirang setunggal punapa, pun bapa ndherek kempal wonten sitinggil binaturata. Kejawi saking punika, kepareng pun bapa ngaturaken pangastuyi konjuk wonten ngandhap pepada, ngger.
Duryudana	:	Kula pundhi wonten mustaka paman
Durna	:	Kula noknon nun inggih, Aswatama
Aswatama	:	Nuwunn
Durna	:	Sepatune dicopot, nek sumuk ya ngger. Wis nganggo kaos seporate wae rasah nganggo hem.
Aswatama	:	Inggih kanjeng rama
Durna	:	Ha'a, bocah kok cok kinthil karo wong tuwa, ora. Marahi prekewed
Sengkuni	:	Sesuk malih ki sekirane rada wigati niku rasah sok ngejak anake, niku dadi ora ndadekake prekewuh ngaten kakang Durna.
Durna	:	Enggih, enggih. Janipun pancen enggih. Kula punika sampun rembagan badhe tindakan kaliyan angger Prabu Jakapitana punika, nanging

Duryadana nampa nawala, bilih Abimanyu sakit, saget waras, yen dhampar Ngestina kapasrahaken Abimanyu. Lagon Mambeng (39.45).

Sengkuni: sedaya pinesepuh sampun rawuh, prayogi nyuwun wawasanipun Karna, saha Durna.

Karna: mbokmanawi kirang pana anggenipun maos nawala. Maringaken ngampil kange usadaning Abimanyu. Yen badhe njabel negari.

2. Menit 43.35 s/d 51.00

Durna	:	Menawi saking pemanggih kula ngaten. Punika cara-cara wong arep ngingeri rembug. Pendhawa duwe pokal kaya mengkono menika mung kanggo gawe ngingeri rembug. Tembung ngingeri menika kinarya aling-aling sing aja nganti alane mau ketara, ketok wela-wela. Ngaten menika pancen sampun watakipun tiyang Ngamarta. Dijaluk sing secara wantah, Kurawa mesthi ora bakal nguk, ora bakal ngulungake, lan mesthi bakal dipanggahi, mbanjur secara lembut, mangka miturut saking kapitadosan kula, kekiyataniipun Kurawa punika wahyunipun namung dhateng dhampar kencana punika. Yen dhampar kencana sampun murca saking wewengkon negari Ngestina punika, sami kemawon kraton punika ical kekuwungipun. Inggih mboten dhi Cuni	
Sengkuni	:	Hanyumanggakaken	
Durna	:	Pancen akal-akalipun tiyang Ngamarta punika cok mekaten. Nanging akal punika saget dipun okoli.	
Sengkuni	:	Hmm	
Durna	:	Beneh kaliyan tiyang Ngestina. Yen lare-lare Ngestina punika miturut wejangan kula punika, bocah tak kon sing mligi lugu	
Sengkuni	:	Hm	
Durna	:	Ora susah ndadak nganggo tedheng aling-aling. Umpama arep duwe niyat mbangun, material ya ana, ana tenan. Kantun siyaga tata-tata, ingkang supados mokoki punika, biayanipun. Punika tiyang Ngestina, ora sah nganggo tedheng aling-aling,	
Sengkuni	:	Ha	
Durna	:	nek pancen reget ya reget, nek pancen sumuk ya muni sumuk, bukti nyatane arepa kumla yen sumuk ya kathokan cekak	
Sengkuni	:	Nek cara-cara punika, kelugonen	
Durna	:	Hainggih, inggih	
Senkuni	:	Kakang Durna ki saben-saben nek ngendika cok ora dadi cocoging pikir kula, kokehan le goroh, kokehan le ngapus, mulane anake nganti kuru	
Durna	:	Ha niki bocah sekolah kok ya. Dielok-elokake	
Sengkuni	:	Ha nggih niku kok le isa-isane temen. Kok ya pasuryane kok persis mbakayune	
Duryudana	:	Umpami menika mangke negari Ngestina dipun gayuh para Pandawa, nanging menggah saking pamanggihipun kaka Prabu Ngawangga punika trang yen ta badhe anglembat, lajeng sinten ingkang minangka dados kekiyataniipun para kadang-kadang kula para Kurawa.	
Durna	:	Anak Prabu mboten perlu kuwatos, pun bapa sampun sumadiya esnopati ingkang saget nggulung nyawanipun tiyang Ngamarta.	
Sengkuni	:	Kakang Durna kok saget ngendikake sampun sumadiya senopati, niku empun siyaga temenan.	
Durna	:	Ho nek kula matur empun, empun temenan, mesthi ana nyatane, nganti goroh Durna kena di cucuh ngaten	
Sengkuni	:	Tak rasak-rasake kok, ngendikane kakang Durna ki potongan kok kaya penjahat.	
Durna	:	Wong pendhita padhakke penjahat	
Sengkuni	:	Saben-saben niku sing cok diomongke ki kaya hiya, ning cok ora kaya ana nyatane	
Durna	:	Bukti nyatanipun ngaten,	
Duryudana	:	Sinten ingkeng dados senopatinipun para Kurawa ingkang saget kedah ngendhilih kridhanipun lare-lare Ngamarta	
Durna	:	Yoga kula inkeng sampun kondhang kaonang-onang sekti mandraguna, lembute bisa ngungkuli tengu.	
Sengkuni	:	Banyu	

Durna	:	O, enggih banyu. Agalipun saget ngungkuli gunun
Sengkuni	:	Gunung, ya gunun
Durna	:	Lha nggih niku. Mboten sanes namung yoga kula, angger Prabu Dewakumara, sak wadyabalinipun sampun siyaga tata-tata, piyambakipun pancer nedheng-nedhengipun tapa ngrame. Isinipun badhe lelabet dhateng sinten kemawon ingkang nandhang pepeteng.
Duruyudana	:	Kakaprabu Ngawangga kadospundi.
Karna	:	Yen mekaten ingkeng dados keparengipun yayi prabu, senajan ta mboten ngginakaken dhateng tiyang sanes, estonipun Ngestina punika sampun wonten senopati. Nanging pancakara secara menika kula suwun kanthi sanget mugi keparenga dipun tata kanthi ingkang sak sae-saenipun. Yen yayi pancer niyat manggahi negari Ngestina, mboten perlu yayi Prabu lajeng sangga runggi. Kula aturi damel niwala penantang dhateng para kadang kula Ngamarta. Mboten perlu ngginakaken dhateng tiyang sanes, pun kakang piyambak sagah ndhepani paprangan. Bebasan mundur secangkang kula aturi nya gapura kapurancang, ngantos wonten kedadosan putung dados kalih kuwandhanipun keng raka saget dipun bandhemaken mengsa. Nanging ta manawi ngginakaken tiyang sanes, mangke wonten kalih bab ingkeng dipunkuwatosaken. Sepisan, unggulipun peprangan mangke tundhonipun badhe ngidak dhateng kula lan para kadang. Saget mboten saget piyambakipun temtu pengin dados tindhihing para Kurawa, ewadene yen wonten kandhaping peprangan, mboten sande kejawi kula sak kadang ingkeng kedah pun ganjelaken wonten ing ngalaga. Wonten mriku menika yayi ingkeng minangka dados wawanipun keng raka jasad kula.
Sengkuni	:	Kula kinten kok radi mathuk pangandikanipun angger dhipati Karna
Durna	:	Lha teng ngriku niku, rembug sing marahi sulit teng ngriku niku. Angger ana rembug sing wis bakal gumalong mesthi ana sing bisa dadi teleng, lha njet dadi pecah belah. Angger rembug wis apik runtut mesthi ana sing nyenthalani, ha dadi pecah belang. Wonten mriku menika ngger awonipun Kurawa niku ora isoh akur. Ora isoh guyub, angger ana apa-apa kepengin bakal ngetok-ngetokkake, holek nama, ning ana keribetan, istilahe ora ana hasile, ya ethok-ethoke ana kecelakaan. Mila kula punika gadhah pemanggih. Gadhah pemanggih, badheya kuwat sing kaya ngapa, Kurawa mesthi bakal bisa kuwat. Arepa kukuh sing kaya ngapa, glugu dikodratke ketlusuhan luyung, ora bakal bisa kukuh

Kawin Karna: Karna karnalengira, sidik purnama mancat jajanira, lepasing pusaka risang dewandanus, munggwings angkasa lir kumelaping thathit. Tumandang srikandhi majajarana,

Karna duka yayah sinipi, anempiling Durna lajeng kalarak medal njawi.

Menit 58.15


Duryudana	:	Kados pundi paman, ing pengangkah kula sumeda nggayuh katentreman, satemah malah wonten kedadosan. Kakaprabu Karna ingkang duka dhumateng paman Durna, paman.
Sengkuni	:	Hiyung, hiyung, mula, mula ya kakang Durna, ngendikanipun menika cok kaya-kaya ki ora dijarag. Kemempengen ning ora pener. Lha wonten mriku menika ngger, samubarang lir, menika angger kemempengen nora pener menika malah ora dadi apike, malah ketok wewadine le ora isoh. Padhane kaya Kurawa, mempeng ndemung ning ora pener, tundhone ngethanhil-ngethanhil.

Aswatama	:	Dos pundi paman, kanjeng rama kados pundi, paman	
Sengkuni	:	Wis trimak-trimakna ya ngger Swatama, bapakmu pancen ora urus, haya saiki kowe sing kudu gedhe prihatine. Ya muga-muga bapakmu diparingi eling	
Aswatama	:	Inggih paman	
Sengkuni	:	Wis gek sepatune dinggo. Ditututi bapakmu, aswatama. Wong kakang Durna ki sak ora-orane sawahe ki ya jembar. Nukokke sepatu anake kok sing murahan	
Duryudana	:	Lajeng kadospundi paman, amrih prayoginipun	
Sengkuni	:	Gandheng kakang Durna menika sampun ngaturaken bilih, kagungan putra murid. Prayogi kaparingana dhawuh keng rayi pun Eswatama supados lajeng sak rembag kaliyan putra muridipun kakang Durna, ingkeng ajejuluk Prabu Dewakumara. Ewadene mangke para kadang paduka, yoga kula para Kurawa, cekap pun bapa ingkeng sumedyo paring uninga. Amargi ta yen kirang tanggap, ing sasmita dipun nyana wonten kedadosan kraman. Menika mangke malah wonten rajapejeh awit namung Kurawa ingkeng kirang tanggap ing kasumerepan	
Duryudana	:	Yen mekaten kula sumanggakaken Paman Sengkuni	
Sengkuni	:	Kaluhuran anak Prabu, kepareng pun bapa medal njawi	
Duryudana	:	Nggeh, ngatos-atos. Dhimas Eswatama prayoga metua njaba, matura marang kadang sinarawedi	

Karna mbalela II

Kondur ngedhaton, Gapuran, Paseban Jaba

Menit 11.53 s/d 18.50



Burisrawa	:	Ha ha hahahaha, pamoan, ingkeng putra ing Cindhekembang nungsung werta man. Ho ha haha, pamoan. Halok babo halok babo, nungsung werta man.	
sengkuni	:	Bulisrawa	
Burisrawa	:	Non hahahaha	
Sengkuni	:	Kok kacamatamu wis ra dinggo	
Burisrawa	:	Sampun pajeng man	
Korawa	:	Nungsung werta man	
Citraksi	:	Nungsung werta man	
Durmagati	:	Kula nungsung welta man	
Sengkuni	:	Kabeh wae padha sumurupa, adoh ndhak celakake, cerak tak wraketake. Gupuh nggonmu padha nyaketi marang aku	
Burisrawa	:	Hainggih, jalaran kula kinten yen paman Sengkuni badhe maringi ganjaran saking kaka Prabu, tumuli badhe kula wradinaken dhateng para kadang-kadang kula, man.	
Sengkuni	:	Haiya, ning ya kuwi mau. Sethithik padha sethithik, mung kudu tak pasrahake cah siji wae, Bulisrawa. Wis mangsa bodhowa, nggonmu bakal mara-mara.	
Burisrawa	:	Hahahah enggih man, sampun kula pretangaken, hahaha	
Sengkuni	:	He em	
Durmagati	:	Wayah..	
Sengkuni	:	Sebabe	
Durmagati	:	kula niki jane sethithika yen langsung saking sampeyan niku jan-jane. Ning sarehning niki ontен timbal balik saking kakang Bulisrawa niku, meksa lada ana rasa ketir-ketir	
Sengkuni	:	Ya aja kaya ngono kuwi. Kabeh mau wis nganggo pretungan. Ngono.	

Durmagati	:	Gak menyang lah
Sengkuni	:	Ha mak idhep-idhep ngentheng-enthengi Bulisrawa
Burisrawa	:	Ha rak ngono, man.
Sengkuni	:	Haya mengko sing kira-kira mok jak ki sing isiharda kulit daging. Sumurupa ya nger, dina iki mula kowe tak awe maju kabeh wae. Iki negara Ngestina ana rembug, amarga ana niwala seka Ngamarta, sing isine, nyuwun ngampil dhampar kencana, senajan ta negara durung diparingake, ning dhampar bakal kasuwun ngampil pinangka srana Abimanyu nggone nandhang yogi, murih tumuli mulya jati, jati temahan mulya. Nanging penampane angger Prabu Jakapitana, kurang kang dadi pepanggi. Den nyana bakal nggayuh negara sak dhampare. Mbanjur angger Prabu Ngawangga suka atur supaya luwihi dhisik ditliti, yen ta mung kanggo srana gawe mulyane si Abimanyu, kaya-kaya jeneng iku becik, awit iku isine mung disuwun ngampil, nanging kakang Dorna ora nayogyani, awit miturur saka pengendikane kakang Dorna, iku laku lembut. Supaya para Kurawa aja nganti padha ngerti, yen ta dilembut dhampar kencana nganggo dhasar disuwun ngampil. Kowe krungu apa ra Durmagati
Durmagati	:	Kula niki jan-jan cat krungu cat mboten. Kula niku wau sing dalu, sadalu man. Kula sungkemi temenan leh kula labuh padha dene Kulawa
Sengkuni	:	Haiya
Durmagati	:	Mung cacate, kok malah sing gadhah, mboten sing gadhahan kula, man
Sengkuni	:	Sesuk nggonmu dhewe we, Dur
Durmagati	:	Rada gela kula, man. Wong tak siyap-siyapake minthi. Alep tak nggo ngetelake, malah bulane mleset saka pangangen-angen. Dha seja sing nggawa bojo dhewe-dhewe
Sengkuni	:	Mbanjur iki mau. Piye Dur mau, lehmu omongan
Durmagati	:	Walah ulangan.
Sengkuni	:	Iki mau antarane kakang Durna lan angger Dhipati padha klera-kleru. Lha ya senajan ta klera-kleru kowe kabeh ora kena padha melu cawe-cawe. Sokur seja sewu yen pancen ana ingkeng kendel menggak marang dukane angger Dhipati Kerna, dililani murih mendha murkane. Hayo sapa wong semono wi sing wani, menggak dukane angger Dhipati Karna. Bulisrawa wani pa?
Burisrawa	:	Mboten man
Sengkuni	:	Kartamarma
Kartamarma	:	Mboten wantun
Sengkuni	:	Tirtanata
Jayadrata	:	Mboten wantun, man
Saur manuk	:	Mboten wantun, mboten, mboten
Sengkuni	:	Lha angger sing kira-kira rada remit rak dha muni mboten mboten. Kowe wani, Durmagati.
Durmagati	:	Napa?
Sengkuni	:	Menggak angger Dhipati Kerna aja nganti duka
Durmagati	:	Saiki ngoten mawon, kula penggake, ning nyuwun tulung ampun oleh duka riyan, man. Mangke kula penggake
Sengkuni	:	Haiya padha wae
Durmagati	:	Kakaprabu Kalna niku saugel sampun duka ngaten niku gak kena disepelakake, niku temen.
Sengkuni	:	Haiya
Durmagati	:	Nika piyayi siji nika, gak kena kepethit basa. Saben-saben kepethit basa ngoten sing nyuwara niku trus langsung parani pala tangan. Aja meneh kok sing wong tuwa, agek sing cah cilik wae, ingatase mung nuthuk bethek mak thak thak

	thak thak ngono wae palani di thothok dalani moyoki, kakang dhipati pancen kejem tenan, man.	
Sengkuni	: Haiya, ya	
Durmagati	: Senajan patih, sampeyan niku aja lomah-lameh ngoten man.	
Sengkuni	: Iya ya	
Durmagati	: Mung cacate, karo dhuwit niku pliket	
Sengkuni	: Haiya, antem sisan. Yen pancen mengkono aja nganti padha kelayatan, malah paprangan dikepung wakul baya mangap. Kedadeyan prang iki ming disuwun marang jawata, aja nganti ana kedadeyan rajapati.	
Korawa	: Heh sendika. He bocah Ngestina	
Saur manuk	: Kula kula kula	
	: Siyaga tata tata ing paprangan dikepung wakul baya mangap	

Playon Suwuk, Aswatama Dewakumara

22.23 s/d 24.07

Dewakumara	Ora bakal kesamaran kaya iki dhimas Eswatama	
Aswatama	Inggih kula, Kakaprabu Dewakumara	
Dewakumara	Ana apa mlayu kapiandhem?	
Aswatama	Ngaturaken kawuningan, duk rikala pepanggihan wonten ing Kraton Ngestina, kanjeng rama angaturaken paduka, ingkang supados kajumenengaken senopati ingalaga, namung kemawon Kakaprabu ing Ngawangga mboten nayogyani, lajeng wonten kedadosan pasulayan. Watak kanjeng rama, lajeng ngendikanipun, nggepok kuncanipun Kakaprabu Ngawangga duka yayah sinipi, ngantos wonten kedadosan ingkeng damel getering pasowanhan, jalaran kaka prabu Ngawangga mara asta dhumateng kanjeng rama, ngatos	
Dewakumara	Nganti wani mara tangan	
Aswatama	Mekaten	
Dewakumara	We la keparat ora patut	
Aswatama	Lajeng rama dipun larak medal njawi. Piyakipun para wadyabala ingkeng wonten ing pasowanhan ajelih kepati, kaka prabu kadospundi. Yen mboten enggal pinaringan pitulungan, kula kinten rama badhe dipun sedani wonten paprangan.	
Dewakumara	Wah, jagat dewa bethara. Patih	
Patih	Wonten paring pangandika sinuwun	
Dewakumara	Aja nganti kelayatan, enggal tututana wadyabala didhawuho supaya mbanjur tutwuri lakumu.	
Patih	Nuwun inggih	
Dewakumara	Paman Dorna dibelani, yen perlu Karna bandanen tangane.	
Patih	Inggih sendika	

Playon, ada=ada

26.13-31.00

Karna	Ayo tangia pendhita Dorna, kowe kumawani ngumbar suwara ingkeng nyocog rasaning atiku ana ing sitinggil binaturata, kapireng marang kawula kliwat saka telungatus, upama ta, aku mbelanana kadangku Pendhawa ora ana ilange,	
-------	--	--


	merga kuwi sedulurku. Sak ora-orane wis gedhe lelabuhane adhiku si Permadi tumrap karo aku. Nanging yen Adhipati Karna ora kaya mengkono. Yen pancen wis saguh ya saguh, yen ora ya ora. Arep ngetok-ngetokake muridmu hem, arep ngetok-ngetokake rombonganmu ya. Tangia, enteni gedhugmu.	
Sengkuni	Aswatama	
Aswatama	Kula paman	
Sengkuni	Bapakmu mati,	
Aswatama	Adhuh rama, kados pundi rama, penjenanganipun seda rama	
Sengkuni	Wo ha ya mangka mbokmu wis tuwa hara	
Aswatama	Mbok ampun sanget-sanget ta man, penjenengan	
Sengkuni	Ha bapakmu yen kon golek ya ra gelem tenan, mbreguguk ngutha lincak.	
Durna	Huh.....huuh	
Sengkuni	Kok merem kok ngak nguk ngak nguk... o ha gene urip, nggon dhadha	
Durna	Mati aku adhuh, adhuh mati aku, adhuh hohoho, lole-lole Aswatama	
Aswatama	Nuwun	
Durna	Kowe nangis ya ngger	
Aswatama	Ingih rama	
Durna	Ha a, nek bapak semaput ki mung cukup ditangisi wae. Nggambarke yen pancen kowe tresna karobapak	
Aswatama	Inggih	
Durna	Prekara liyane kowe padha sengit karo aku, wis ora dadi apa, saya adhi Cuni kuwi, sedulura karp aku kae, ora patek akur. Arep melik pomahanku	
Sengkuni	Ya ora	
Durma	Ya, ngerti aku, arep melik tinggalan	
Sengkuni	Ora. Sampeyan kok ya reka-reka wae. Ana sedulur mati kok bungah, merga mung melik tinggalan. wong sampeyan ya nde anak kok ya	
Durna	Ah, wong ngerti cilaka malah padha digwe wisuna.. dhi Cuni	
Sengkuni	Non	
Durna	Kerna kalih kula pancen. Pamcen rada nduweni rasa sing ora kepenak	
Sengkuni	Enggih	
Durna	Pancen sak niki niki senadyan lahir. Kerna niku pancen kalih kula pancen rombongan, tunggal sak Kurawa, ning batin dheweke pancen ana rasa mangkel kalih kula. Mung mboten ketara mawon.	
Sengkuni	Haenggih	
Durna	Ning kula piyambak ora papa. Tenang, tenang. Lha kula niku urip ora cukup mung neng Ngestina kok. Teng Ngestina ya sekali tempo nek dhong ra ana tugas.	
Sengkuni	Haiya	
Durna	Nek dhong ditugaske ana njaba, ya ra ana Ngestina.	
Sengkuni	Lha enggih... kula duwe kewajiban jaga sepedha kok.	
Durna	Malah jaga...., jaga sepedha	
Sengkuni	Kuwi bapakmu pancen reka-reka	
Durna	Nggih pun kajenge sing dha sengit kalih kula, mboten napa-napa. Ning kula menika menuju..... dhateng kesaenan	
Sengkuni	Haenggih.. sak niki kakang Durna kinten-kinten wantun napa mboten, majeng jeng paprangan mungsuh kalih angger Dhipati Kerna	
Durna	Lenggah kula labrake Karna	

30.00. Playon

33.00 s/d 34.51

Durna	Karna, Karna
Karna	Apa Pendhita Durna
Durna	Kowe kuwi nek wis bagus, bagus. Lehmu kendel; kendel. Nanging kowe wanine njulung tungkul karo Dorna. Ora wani kepara ngayun.
Karna	Aja tok anggep penemune Adhipati Karna kaya bocah wingi sore, senajan rupak aku ya wani, jembar aku ya wani. Kowe arep apa Dorna. Suwaramu nggepok marang kuncane Dhipati Karna. Durna kuwi ana kene durung suwe, tak kandhani. Suwe dhipati Karna karo pendhita Dorna. Lelabuhane gedhe dipati Karna timbang Pendhita Dorna
Dorna	Ya orak. Apa eneng berjuang mati-matian kok dha arep disepelekake. Ning aku momong Sarojakusuma barang kok. Nggoncengke pit, mbiyen gek jaman isih cilik. Kowe rak ora. Sing pokok kuwi mungguhing suwaramu ana ngersa dalem anak prabu Jakapitana kuwi, mban cindhe mban siladan. Tumraping tata gelar mono kaya arep gawe apiking Kurawa, nanging munggwing batin, aku ngerti kowe arep mblusukke. Hiya pa ora. Dorna kok arep digorohi, tukang goroh kok arep digorohi.
Karna	Njur karepmu arep apa.
Dorna	Gawe wirang nyaur wirang, kowe gawe lara nyaur lara. Arepa kowe bisa petak buta sewu, Dorna ora blereng
Karna	Pecah sirahmu keparat

34.51 s/d 36.00 playon Karna perang mengsa Dorna



36.00 s/d 36.53 ada-ada Karna

36.53 s/d 39.03 Pocapan

Karna	Patih Suraadimanggala
Patih	Wonten paring adhawuh sinuwun
Karna	Nututi aku tekan ing Negara Ngestina
Patih	Nuwun inggih, awit kula nampi dhawuh saking keng Rayi Gusti Kanjeng Ratu Dewi Surtikanthi. Ing penggalih kados mboten sekeca, lajeng ingkeng abdi kadhwuhan nungka panjenengan
Karna	Seksenana Dorna iku pancen kepara nyata ana wigati
Patih	Inggih
Karna	Wiwit iki wektu, aku mbalela, ora sudi ngembani Kurawa, ora sudi ngembani Prabu Duryudana. Sing watake Duryudana ambeg kumalungkung gampang kena pambujuk marang suwara kang durung karuhan ana nyatane
Patih	Menggah wigatosipun dospundi Dewaji
Karna	Ana negara Ngestina, yai Prabu Jakapitana nampa niwala kang isine para Pandhawa iku banget anggone angrerepa, kepengin banget mulyakake marang purunanku si Abimanyu kang pinuju nandhang sungkawa. Bisa mulya jati jati temahan mulya, amung srana dhampar kencana, nanging kaya mangkono mau ora digatekakake marang Prabu Duryudana. Malah ingkang diesthi kejaba mung guneme pendhita Durna, pendhita ingkeng nggenthong uwos. Ana kono serang durna, wenang-wenanga diajeni, wenang-wenanga diumbul-umbulake. Nggepok kuncaku, nganti aku wani mara tangan Pendhita Dorna. Ing wektu iki bakal ana kedadeyan ingkeng kurang prayoga, merga tan trimane muride Dorna sing diketok-ketoke ana sitinggil binaturata.
Patih	Yen ngaten panjenengan wau nembe kleneta-klenetu kaliyan Pendhita Dorna
Karna	Hiya pancen mengkono, amarga pancen aku, kejaba ora cocog karo penemune, dhasar kegepok kuncaku.

Patih	Wah ora patut ane, lenggah sekeca, keng abdi Kepatihan sagah ngajar Dorna.	
	39.03 s/d 39.53 playon Patih mapagake Dorna	

39.53 s/d 40.28 ada-ada kepapag kepranggul

40.29 s/d 41.33 Pocapan tantangan

Dorna	Endi Karna rak cilik atine, sapa sing maju iki he	
Patih	Pepatih ing Ngawangga, aku Patih Suraadimanggala. Dorna	
Dorna	Apa	
Patih	Kowe gawe wirange pepundhenku sinuwun prabu Basukarna. Ora nggepok kuncane kanjeng dewaji, Patih Suraadimanggala saguh nggepok sirahmu	
Dorna	Lho apa jekok gendhen kethu gedhen pa (<<<>>>) wee patih murang tata, era ngerti kenthang kimpule, bludhas bludhus sing ora-ora. Ana pendhita kok diancam digepuk-gepuk.	
Patih	Ora manut tak banda tangan, ana pandhita tak ilange nyawane	
Dorna	Hiyoh-hiyoh patih Sura Adiwigena. Tak damu ilang dadi banyu	
Patih	Mati dening aku	

41.33 s/d 42.37 playon perang Dorna mengsah patih

42.37 s/d 44.36 Pocapan

Dorna	Eh, eh (watk)	
Sengkuni	Enten napa kakang Dorna kok cekrah-cekrih, niku ngombe napa niku	
Dorna	Empat-empat	
Sengkuni	Ampun diombe, niku obat marahi ngantuk, njaluk ne	
Dorna	Nya, lha wong kowe e ya gelem kok, ndadak marahi ngantuk barang	
Sengkuni	Bulane enak, e napa kok cekrah-cekrih niki wau?	
Dorna	Dhipati Kerna kalih kula wedi,	
Sengkuni	Enggih	
Dorna	Sing maju, patihe sing jenenge, Adiwiyananapa	
Sengkuni	Jenenge niku Sura Adimanggala	
Dorna	Sura Udi....udi bendeng	
Sengkuni	Haha wong ngerim kok bed	
Dorna	Ngko rak ya njur kuthuk, adhu, iki gendule empat-empat iki	
Sengkuni	Ora, tak enteke kok ora le, wong iki obat murah kok ngene, ko ngene dijaluk,	
Dorna	Kula diajar kalih patihe Dhipati Kerna. Ora sopan, krengan karo wong tuwa kok ngantem sirah	
Sengkuni	Sampeyan niki wau ditututi karo patihe anak murid sampeyan.	
Dorna	Sak niki teng pundi dhi Cuni	
Sengkuni	Aswatama	
Aswatama	Nun	
Sengkuni	Digoleki kana negilo, bapakmu nandhang tatu kaya ngene ki piye	
Aswatama	sendika	

44.37 s/d 45.27 playon Aswatama pangkat

45.28 s.d 46.01 ada-ada bapang sinengkang

46.02 s/d Pocapan 47.28

	Panemban Dorna, kula ingkang kadhwuhan nututi dhumateng panjenengan	
Dorna	Kowe sapa ngger	
	Kula pepatih dalem ingkang sinuwun ing Ngejongparang, pinaringan nami Patih Garjitatpati	
Dorna	Nah heem, Garjitatpati	
	Kula	
Dorna	Nak Jane aku ngundang kowe cukup jit ngono wae ya. Nek le niku bakal dadi penjahat niku46.37 ra cetha	
Sengkuni	Ya ora kok njur, kok penjahat	
Dorna	Lho le klular-klulur niku, niku ana material	
Sengkuni	Material apa, wong mungsuh kok ya material	
Dorna45.07 seksine kowe	
Sengkuni	Yak	
Dorna	Sarehning kowe wong tuwa, wis mopo nek ora sak tandhinge karo bapakmu iki, aku wis ora cocog, cukup aku dieloni anak putu, pro neng mbeng kuwi	
Sengkuni	Mboten enget, kula nek prekara napa-napa	
Dorna	Tandhingana patihe Dipati Kerna	
Patih	Nyuwun pangestu kula tandangane	

47.28 s.d 48.38 playon patih panglat

48.38 s/d 49.16 ada-ada mangkyat kroda

49.17 s/d 49.55 pocapan

Gerjitatpati	Kowe patihe Adhipati Karna	
	Hiya dhasar nyata jenengku Sura Adimanggala, sapa he	
Ger	Gerjitatpati. Iki klebu siswane Nujum Ngastina Rama Panemban Dorna. Kowe aja melu-melu Suraadimanggala, sumingkira Karna tak bandane tangane	
	Ora susah tandhing karo sesembahanku sinuwun Ngawangga, aku keduga njebol dhadhamu	
Ger	Waladalah, pamermu nganti kaya bisa mutungake wesi gligen. Yen ora sumingkir, tebak dhadhamu luntak ludira	
	Benthet sirahmu	

49.56 s.d 51.47 Playon Perang

51.47 s/d 52.24 Ada-ada

52.25 s/d 53.10 sumbar

-	Waladalah, ora ngira jebul pancen sekti mandraguna.mulat ing peprangan nganti waspada	
+	Hayo aja mlayu ora usah ngilani Patih Suraadimanggala, nek perlu kancamu jokna bareng siyaga gaman tak tamengi dhadhaku	
-	Wa, sumbare nganti kaya bisa ngemperi jagat, keparat. Aja takon dosa aku ngunus pedhang karo tengah dhepa dawane, lena kaprayitnamu sampluk pedhangku tatas gulumu.	
+	Tamakna, tak tamengi dhadha	

53.11 s.d 54.48 perang gaman

54.49 s/d 55.23 ada-ada mundur saking ngayuda

55.23 s/d 56.04 pocapan

	Waduhu sinuwun kedrawasan	
Ratu	Kenang apa mlayu-mlayu, he	
	Dhipati Karna mboten katingal, ingkeng majeng patihipun ingkeng nami Suraadimanggala. Kula tandhing tiyasa mengsaah dhumateng Suraadimanggala niki wau, kawon liped saengga kula nyepeng dedamel. Ewa semanten, lena, dedamel kula malah dipun saut, dipun tamakaken dhateng kula piyambak, dhuh sinuwun kedrawasan.	
Ratu	Wes ora patut banget, wadyabala kabeh aja melu	

56.05 s/d 56.44 playon ratu maju

56.55 s/d 56.59 pocapan

Ratu	Sing jenenge Patih Suraadimanggala, kowe?	
Sura	Hiya dhasar nyata, kowe sapa?	
Ratu	Prabu Dewakumara, he Karna kon maju rene	
Sura	Ora sah tandhing karo gustiku, nungsung wag..	
Ratu	Mati kowe	

57.00 s.d 57.38 playon --> ganti file III

